WIKIPÉDIA

Basa Napu

Basa Napu utawa basa Pèkurèhua ya iku sawiji basa kang ana ing laladan Loré Lor, Poso propinsi Sulawesi Tengah[2]. Basa Napu dienggo ing sangang dèsa ya iku (1) Désa Wuasa (ibu kutha Kecamatan Lore Utara), (2) Désa Watu Maeta, (3) Désa Alitupu, (4) Désa Winiwanga. (5) Désa Maholo, (6) Désa Tamadue, (7) Désa Tatatu, (8) Désa Wanga, dan (9) Désa Kadua. Liyané iku basa Napu dienggo ing, Loré Lor, Poso, Poso Pesisir, Poso, lan Loré Kidul, Poso[3]. Penduduk ing daèrah iku sawènèh ana kang agamané Kristen lan liyané Islam. Pegawéané ana kang tani lan nggoléki hasil alas. Basa iki dadi basa pengantar seni budaya wong Napu. Akéhé panyatur basa iki ana 6.100 nganti 8.000 wong[2]. Ing lelowahan Napu basa iki isih dadi basa padinan. Sekubengé lelowahan utawa lembah Napu ana rong lelowahan liyané ya iku Bada lan Besoa (Behoa). Dhéwé-dhéwé duwé basa kang antara siji lan liyané kuwi ana hubunganė. Miturut Martens, basa Napu, Bada, lan Basa Besoa iku digolongké dadi golongan basa Badaic[4]. Ing pandangan lèksikostatistik telung basa iki bisa dianggep dhialék-dhialék saka siji basa. Sanajan géografis lan sosilinguistik antara telung suku iki bèda[4]. Antara wong Napu, Bada, lan Behoa isa ngerti antara basa siji karo liyané nalika ngomong nganggo basa dhéwé-dhéwé.

Napu	
	Basa Napu
Asal	Indonesia
Laladan	Lore Lor, Kabupaten Poso
Panyatur asli	6.100 (2007 SIL)[1] (*tanpa surya*)
Kulawarga basa	Melayu-Polinesia ▪ Sulawesi ▪ Kaili-Pamona ▪ Pamona ▪ Pamona Utara ▪ Badaik ▪ **Napu**
Aksara	Latin
	Kodhe basa
ISO 639-1	-
ISO 639-2	-
ISO 639-3	npy

Conto ukara

- Uma ke dikei, "Bapak dhuwé asu".
- Nita mobabehia totuana tori, "Nita nggawéké kué kanggo mbah putri".
- Meo iti mohaka walehu mahile, "Kucing iku nyandak tikus gedhé".
- Nina moanti ladi, "Nina nggawa lading"[3].

Rujukan

1. "Napu" (http://www.ethnologue.com/language/npy). Dijupuk 19 Desember 2015. Priksa gandra date ing: `|access-date=` (pitulung)
2. "Napu" (https://www.ethnologue.com/language/npy). *Ethnologue*.
3. Garantjang, Ahmad, dkk (1989). *Struktur Bahasa Napu*. Jakarta: Departemen Pendidkan dan Kebudayaan. ISBN 970-459-040-1 Priksa gandra `|isbn=` (pitulung).
4. Martens, Michael P. "The Badaic Languages of Central Sulawesi" (http://sealang.net/archives/nusa/pdf/nusa-v31-p19-54.pdf) (PDF). *Nusa*. Vol. 31: 19–54.

Dijupuk saka "https://jv.wikipedia.org/w/index.php?title=Basa_Napu&oldid=1370536"

Kaca iki pungkasan diowah nalika 03.55, 17 Dhésèmber 2017.

Tèks iki cumepak kanthi Lisènsi Atribusi-DumSaèmper Creative Commons; paugeran tambahan bokmanawa uga lumaku. Wacaa Paugeran Panganggo kanggo rerincèné.